

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Karuhun bangsa Indonesia hususna urang Sunda mibanda kabudayaan nu luhur. Èta Kabudayaan mangrupa matéri saperti candi-candi, bangunan-bangunan heubeul jeung sajabana, tapi aya ogé warisan budaya nu teu éléh pénting nya éta nu mangrupa tulisan nu sok disebut Eusi naskah. Naskah umumna wangun hasil karya heubeul. Karya sastra heubeul biasana mangrupa tulisan leungeun kalayan maké huruf jeung basa daérah, nepi ka can tangtu kabéh jelema bisa maca jeung ngawasa kana éta eusi karya. Padahal eusina loba ngandung mangpaat jeung ajén-inajén anu positif.

Sacara umum naskah sok dihartikeun sabagé wangun tulisan nu asli. Tapi nurutkeun ilmu filologi mah teu kitu. Nurutkeun Baried dkk (1968:64) nya éta:

*“Naskah kuno adalah semua bahan tulisan tanggapan yang menimpa berbagai ungkapan pikiran dan perasaan yang merupakan hasil budaya bangsa masa lampau”.*

Ieu pamadegan ogé diécéskeun ku Djamaris (1977: 20 dina Pudjiastuti, 1993: 1) anu nétélakeun yén naskah téh nya éta:

*“Semua peninggalan tertulis nenek moyang kita pada kertas, lontar, kulit, kayu, dan rotan.”.*

Tina rupa-rupa pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén anu disebut naskah heubeul téh nya éta wangun tulisan anu ditulis dina kertas, lontar, kulit kai, jeung hoé. Naskah ogé mangrupa *“ungkapan pikiran jeung perasaan”* anu tangtu

di jerona ogé ngandung rupa-rupa informasi anu rék ditepikeun boh anu kauni boh nyamuni.

Haryati Subadio (1979: 11) nétélakeun yén

*“Sebagai warisan budaya, naskah kuno mengandung informasi yang dipandang relevan dengan kepentingan masa kini. Melalui coraknya yang berbentuk tulisan-tulisan, naskah-naskah kuno dipandang mampu memperjelas informasi yang terdapat pada peninggalan budaya masa lampau lainnya”.*

Satuluyna Haryati Subadio (1973: 6) nétélakeun yén,

*“Indonesia merupakan khasanah raksasa bagi naskah kuno yang kebanyakan tertulis dalam bahasa dan huruf daerah. Isi naskah-naskah tersebut beraneka ragam, mulai dari naskah kesusastraan dalam arti terbatas sampai dengan dengan sumber keagamaan, kemasyarakatan, sejarah, yang sangat penting bagi pengetahuan kita mengenai kebudayaan tiap-tiap daerah dan yang sebagai keseluruhan dapat memberi gambaran lebih jelas mengenai kebudayaan Indonesia pada umumnya”.*

Ditilik tina segi eusi, naskah umumna ngandung ajén-ajén nu aya hubunganana jeung atikan (pendidikan) anu ditujukeun pikeun masarakat anu ngarojong kana medalna éta naskah. Ajén-ajén éta téh aya dina rupa-rupa aspék kahirupan, upamana waé ajén moral, agama, norma-norma, sosial, budaya, politik, ekonomi, jeung filsafat. Saperti nu diébréhkeun ku Warton dina Wellek jeung Warren (1989: 122) yén *“Sastra téh gudang adat istiadat, buku sumber sejarah peradaban, utamana mah sejarah timbul jeung tilemna sumanget kasatriaan”.* Kacida kompléksna aspék kahirupan nu diébréhkeun dina karya-karya sastra hususna karya sastra heubeul.

Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan manusa, dokumén fiksi anu bisa nyirian paripolah jalma dina ngajalankeun kahirupan di masarakat dina hiji waktu, ku cara nitenan watek tokoh-tokoh nu katitén dina paripolah tur

parobahan-parobahanna dina unggal waktu. Salah sahiji dokumén anu eusina ngagambarkeun kaayaan kabudayaan urang Sunda dina salah sahiji jaman, di antarana *Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok*.

Hal anu narik dina ieu wawacan nya éta tina ségi instrinsik mibanda karakteristik anu narik. Struktur alur, téma, basa, jeung amanat mibanda ajén budaya hususna ajén atikan nu kudu dipikanyaho ku generasi kiwari nu can tangtu maham kana eusi hiji naskah. Dina ieu hal hiji ahli filologi ngajelaskeun yén jauhna antara naskah baheula jeung naskah jaman kiwari ku sabab teu apal kana eusi éta téks.

*Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok* wangun karangannana puisi (tembang). Ieu naskah ogé mibanda tujuan pikeun nu maca supaya sadar yén loba pisan ma'na nu dikandung dina jero naskah heubeul. Dina karyana pangarang ngajak ka nu maca hususna nu rek ngajuru tur cara ngurus budakna kudu ati-ati tur loba ngadua ka Alloh SWT.

Tepi ka kiwari Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok can ditalungtik. Ku kituna ieu naskah digarap dijieun skripsi nu judulna “Ajén Atikan dina Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok”.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur ieu panalungtikan diwatesan masalahna, nya éta medar unsur-unsur instrinsik dina naskah wawacan anu aya

patalina jeung ajén atikan, sabab teu sakabéh unsur ngandung ajén atikan jadi anu dicokot téh di antarana nya éta téma, palaku/watek palaku, jeung amanat.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Kumaha unsur-unsur carita (téma, palaku, jeung amanat) nu aya dina Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok?
2. Kumaha ajén atikan dina unsur-unsur instrinsik dina Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok?

## **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Pikeun ngadéskripsikeun kumaha unsur-unsur carita (téma, palaku, jeung amanat) nu aya dina Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok?
2. Pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan atikan nu aya dina unsur instrinsik dina Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok?

### **1.3.2 Mangpaat Panalungtikan**

Unggal panalungtikan dipiharep ngabogaan mangpaat, saperti ieu di handap:

1. Pikeun panalungtik, mangrupa input enggoning ngagguar salah sahiji kajadian di dunya kasusastraan,

2. Pikeun nu maca, ku ayana ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina hal moral nu bisa dianggap penting salaku manusa anu mibanda darajat luhur di antara mahluk séjénna,
3. Pikeun nambahan kareueus jeung ngamumulé kana kabudayaan nulis urang Sunda.

#### **1.4 Anggapan Dasar**

Anggapan dasar mangrupa dasar panalungtikan anu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh diantarana:

1. Naskah Wawacan Tata cara Ngurus mangrupa karya sastra heubeul anu ditulis dina wangun pupuh atawa dangding;
2. Struktur Wawacan Tata Cara Ngurus diwangun ku (téma, palaku, galur, latar, titik catur, jeung gaya basa) sarta bisa didéskripsikeun;
3. Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus mibanda ajén atikan anu bisa méré sawangan ngeunaan kahirupan sastra di jaman harita.

#### **1.5 Wangenan Operasional**

1. Atikan nya éta usaha jalma pikeun numbuhkeun jeung ngamekarkeun potensi-potensi anu aya dina jasad atawa rohani saluyu jeung ajén-ajén nu aya di masarakat jeung kabudayaan;
2. Wawacan nya éta carita anu didangdingkeun, digélarkeun dina puisi pupuh. Ku lantaran ngalalakon, téks (wacana), wawacan téh umumna

paranjang; mindeng gunta-ganti pupuh, biasana marengan ganti épisode (Iskandarwassid, 2003: 168).

### **1.6 Métodé jeung Téhnik Panalungtikan**

Métodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun métodé déskripsi analisis, sedengkeun téhnik nu digunakeun nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung téhnik analisis data.

### **1.7 Sumber Data**

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta Naskah Wawacan Tata Cara Ngurus Orok Umut Tujuh Poé asalna ti Perpustakaan Nasional Jakarta, koleksi K.F. Holle. No kode. SD 202. Wangun naskahna mangrupa buku polio bergaris ukuran 34,4 x 22 cm. Kandel naskah 46 halaman. Basa nu dipaké nya éta basa Sunda nu ditulis dina basa Arab Pegon. Wangun karanganana puisi (tembang).